

Byenvini nan tribinal nan departman Dekalb la - Divizyon-B.

Evenman pandemi Covid-19 la te fòse lemond antye fè biznis ak zafè gouvènman an nan yon fason ki diferan anpil de jan yo te konn fè l anvan. Kidonk, yo ka rele w pou w parèt devan tribinal la a distans, lè w sèvi ak teknoloji an sekirite alòske ou lakay ou, oubyen ou ka gen pou ou vin anndan tribinal menm lè sa a w ap gen on distans w ap oblije respekte pou w pa pwoche twò pre lòt moun lè w anndan tribinal la.

Tout ka ki parèt devan tribinal leta a se pou move zak kriminel, sa vle di pi gwo pinisyon yo ka ba ou se pou ou peye \$1,000 oubyen 12 mwa prizon, pou chak ka. Gen dwa se youn nan penalite sa yo yo ba w; konsa tou se ka toulède. Si yo akize w de on move zak ki grav, pi gwo lajan yo ka mande w peye se \$5,000 ak 12 mwa prizon. Yo ka mande w peye lajan an oubyen al nan prizon konsa tou you ka fè w ni peye ni al nan prizon.

Ou gen dwa pran avoka prive pou ede w rezoud ka w la, oubyen ou ka mande yon reprezantan nan biwo defansè piblik la, si kantite lajan ou touche pèmèt ou kalifye pou sèvis sa yo. Gen kèk ka kote se tribinal la ki ka chwazi yon avoka defansè piblik pou reprezante on moun ke yo akize.

Yon avoka ka eksplike akizasyon ki kont ou yo ak opsyon li genyen pou l defann ou. Yon avoka ka fè on demand pou tribinal la pran on desizyon a favè w epi li ka ede w rasanble prèv, pou prepare w pou jijman epi reprezante w nan yon jijman. Si yo kondane w, yon avoka ka mande pou yo pran on desizyon ki pi bon pou ou, oubyen li ka mande pou yo rejije ka a pou ou.

Ou gen dwa pou w reprezante tèt ou tou, nan langaj avoka sa vle di, pro se.

Konstitisyon an sipoze ke w inosan. Se leta ki fèt pou l pwouve ou koupab epi pa gen okenn dout rezonab ke w koupab.

Ou ka di ke w pa koupab epi mande yon jijman devan yon jij, oubyen yon jiri; oubyen ou ka aksepte ke w koupab, apre sa jij la ka aksepte jan w plede a epi li ka fè w peye oubyen on amand oubyen voye w nan prizon. Konsa tou li ka fè w peye epi l voye w nan prizon tou. Jij la ap deside si w ka sèvi santans ou a san w pa al nan prizon, anba sipèvizyon departman pwobasyon an.

Si yo mete w sou pwobasyon, ou pa gen dwa fè anyen ki ilegal nan okenn vil, ni departman yo, ni vyole lwa nenpòt kondisyon espesyal pwobasyon w nan. Si w vyole pwobasyon an, yo ka revoke l ki ka lakoz ou ka al nan prizon.

Ou gen dwa tou plede nolo contendre, yon mo ki vle di ke ou pa admèt ke w fè anyen ki mal, ni ou pa di ke w pa dakò de sa yo akize w la. Nan kèk ka, lè w plede nolo contendre sa ka anpeche ke you met pwen sou lisans chofè w la. Men, pou rezon

santans, yo kondane w menm jan a si w te plede koupab. Ou ka plede nolo contendre yon fwa chak 5 an, men sa depann de sa w fè a.

Tanpri sonje ke polis ki te ba w kontravansyon an pou w vin nan tribinal la, ansanm ak biwo avoka jeneral la, ki se pwosekitè ki responsab ka w la, yo toulède nan pouvwa egzekitif gouvènman an ke nòmalmman yo rele "leta". Leta ka deside anile ka w la san pèdi tan.

Konsa tou ou ka bay dokiman oswa enfòmasyon epi negosye ak leta pou redui amann lan oswa santans nan ka w la. Si w rive negosye a leta, tribinal la, kòm brach ki responsab zafè lalwa nan gouvènman an, gen otorite pou yo aksepte jan w plede a epi ba w santans ou, oubyen yo gen dwa pa aksepte jan w plede a. Si yo pa aksepte jan w plede a, ou ka kontinye negosye avèk yo, oubyen mande yon jijman. Se yon avoka pèsònèl k ap suiv ka w la; li gen dwa kontakte w pou l ede w nan tout sa w ap genyen pou w fè.

Nou te gen tan voye yon mesaj alekri sou dwa w genyen pa imèl, oubyen nou te voye l pa lapòs, ansanm ak yon fòm pledwaye san w pa t la, si w ap parèt a distans, oubyen yon dokiman yo te ba w nan tribinal, ke yo rekonèt kòm "dosye akize, anvan yo plede", ki fè w konnen ki dwa w genyen epi ki di tribinal la kijan ou vle kontinye a ka w la.

Lè w chwazi pou ou di jan w vle plede, w ap renonse, oswa abandone dwa konstitisyonèl ou ki di ou pa enterese nan yon jijman kote se yon jiri, oubyen yon jij k ap deside sou ka w la.

Men pou tribinal la aksepte jan w plede a, tribinal la dwe asire l ke ka a te prezante san erè; y ap byen gade jan w plede a ak repons ou yo, pou asire yo ke ou konprann dwa konstitisyonèl ou yo. Epitou, se ak tout konsyans ou, tout volonte w e tout entèlijans ou, ke admèt akizasyon yo, jan yo ka chanje yo a, epi ou aksepte ke w pa enterese al nan jijman.

Se poutèt sa, tanpri rekonèt dwa sa yo pi ba a ke w genyen:

- Daprè la lwa leta dwe kòmanse pa kwè ke w inosan;
- Ou gen dwa pou ke se leta ki gen pou l pwouve pa gen okenn dout ke w koupab;
- Ou gen dwa pou w gen on avoka ki reprezante w, e si w pa Ameriken ou gen dwa a on avoka imigrasyon tou;
- Ou gen dwa konfwonte e poze temwen yo kesyon;
- Ou gen dwa pou w temwaye pou tèt pa w oubyen pou w mennen temwen pa w ki pou temwaye pou defann ou, ni avèk ni san envitasyon tribinal la;
- Ou gen dwa deside ou pa vle pale;

- Ou gen dwa pou yo pa sèvi ak silans ou kont ou; epi
- Ou gen dwa prezante nenpòt prèv ke jij la aksepte pou w defann tèt ou.

M ap repete ke si ou pa yon sitwayen ameriken, epi ou plede koupab, oubyen nolo conendre nan tribinal sa a, sa ka gen yon enpak negatif sou estati imigrasyon w, ki ka vin lakoz depòtasyon w. Kidonk, ou gen dwa kontakte on avoka imigrasyon pou w diskite ka w la anvan w decide kijan w ap plede nan tribinal la.

Epitou, si w te gentan nan pwobasyon oubyen yo te aksepte libere w sou kondisyon, lè w plede koupab oubyen nolo contendre nan tribinal sa a ka gen yon enpak negatif sou estati pwobasyon w nan. Ajans k ap sipèvize w pou ka w te genyen anvan an, oubyen avoka w la ka fè w konnen enpak la, si jan w plede a gen on enpak sou estati pwobasyon w lan tout bon.

Men si w di ou pa dakò de sa yo akize w la epi ou di ke ou "pa koupab", y ap voye w nan jijman devan on jij oubyen on jiri, y ap voye w pou on jou kote tout temwen a polis yo ap disponib pou yo temwaye. Ou dwe byen prepare pou w defann ka w la nan moman sa a ak nenpòt temwen ak dokiman ou vle. Ou dwe konnen ke moun k ap travay nan tribinal la pa gen dwa ede w prezante ka w la devan tribinal la.

Mèsi pou atansyon w, pasyans ak koperasyon w pandan seyans tribinal sa a. Nou espere ke pwosesis sa a ede w konprann dwa w ak responsablite w pou rezoud ka w la an sekirite epi san pèdi tan, kit se a distans oubyen fizikman anndan tribinal la.

Sistèm tribinal leta a ki sou entènèt la pou rezoud ka kontravansyon yo fasil pou itilize epi moun pa bezwen eksplikasyon pou konprann ni, sèl sa w gen pou w fè se suiv sa konpitè a mande w fè a epi antre enfòmasyon yo mande yo.

Mèsi,